

**Oryantasyon pou admisyon ti moun, jèn e adil imigran  
entènasyonal nan rezo edikasyon piblik Eta São Paulo a.**

*Byenveni nan  
lekòl la!*



**USAID**  
DO POVO DOS ESTADOS UNIDOS



**GOVERNO DO ESTADO DE SÃO PAULO**  
Secretaria da Educação



**OIM**  
ONU MIGRAÇÃO

**Kredi**

Secretaria da Educação do Estado de São Paulo (SEDUC)

**Secretário da Educação**

Rossieli Soares da Silva

**Secretário Executivo**

Haroldo Corrêa Rocha

**Chefe de Gabinete**

Renilda Peres de Lima

**Coordenadoria Pedagógica - COPED**

Caetano Pansani Siqueira

**Departamento de Modalidades Educacionais e Atendimento Especializado - DEMOD**

Nadine de Assis Camargo

**Centro de Inclusão Educacional - CINC**

Laís Barbosa Moura Modesto

**Reyalizasyon**

Sant Enklisyon Edikasyonèl – CINC

**Redaksyon e Dyagramasyon**

Uiara Maria Pereira de Araújo

**Paj Kouvèti**

Cienpes Desing / Shutterstock

**Remèsiman**

Daniele Cristina Sabadini Mesquita, Heloisa Brito de Albuquerque Costa, Julieth Melo Aquino de Souza, Livia Miranda de Paulo, Raquel Maria Rodrigues, Ricardo Addeo Dias, Selma Denise Gaspar, Valéria Tarantello de Georgel

**Tradiksyon**

Organização Internacional para as Migrações - OIM



GOVERNO DO ESTADO DE SÃO PAULO  
Secretaria da Educação

# *Byenvini nan lekòl la!*

ORYANTASYON POU ADMISYON TI MOUN, JÈN E ADIL IMIGRAN  
ENTÈNASYONAL NAN REZO EDIKASYON PIBLIK ETA SÃO PAULO A.

São Paulo  
2020

TOUT MOUN - BREZILYEN E ETRANJE  
KI REZIDE NAN PEYI A GEN

# **DWA A EDIKASYON PIBLIK GRATIS**

An ka ke w ta konnen yon moun nan fanmi w ki ta bezwen kòmanse  
oswa reprann etid ke l te kòmanse nan yon lòt peyi, eklèsi dout ou yo  
nan livrè sa a, epi vizite lekòl ki pi prè kote w rete a!!

# Somè

|                                                |           |
|------------------------------------------------|-----------|
| Òganizasyon lekòl yo nan Eta São Paulo .....   | <b>7</b>  |
| Enskripsyon e konfimasyon enkripsyon .....     | <b>10</b> |
| Fonksyònman lekòl la .....                     | <b>14</b> |
| Kilti e Kominikasyon .....                     | <b>18</b> |
| Lwa brezilyèn sou edikasyon ak migrasyon ..... | <b>21</b> |
| Diksyonè l'jans .....                          | <b>24</b> |
| Nòt .....                                      | <b>27</b> |



# Òganizasyon lekòl yo nan Eta São Paulo



## Mwen pa brezilyen, mwen gen dwa a edikasyon de baz (Ansèyman Fondamantal ak Ansèyman Segondè)?

Wi. Constituição Federal da República Federativa do Brasil la (1988) etabli ke tout moun egal ego devan la lwa - brezilyen ak etranje k ap viv nan peyi a. Youn nan dwa ki garanti yo se dwa a ledikasyon, nan menm kondisyon pou aksè ak pèmanans. Sa vle di, menm si yon moun te fèt nan yon lòt peyi, sa pa yon anpèchman pou l etidye nan yon lekòl piblik.

## Kijan yo ofri edukasyon bazik la nan Eta São Paulo?

Eta São Paulo posede pi gwo rezo ansèyman nan Brezil, li gen plis pase 5 mil lekòl ak 3,7 milyon elèv. Nan lekòl leta yo, genyen edukasyon bazik ki obligatwa e gratis, pou ti moun ak jèn soti nan 4 pou rive nan 7 lane. Genyen tou ansèyman gratis pou jèn e adil ki pa t fè etid yo nan laj apwopriye nan Educação para Jovens e Adultos (Edukasyon Jèn e Adil) (EJA) ak nan Centros Estaduais de Educação de Jovens e Adultos (Sant Leta pou Edukasyon Jèn e Adil) (CEEJA). Elèv ki se piblik-sib Edukasyon Espesyal la (ki gen defisyan vizyèl, fi-

zik, entelektiyèl, otis sidwe oubyen ki gen abilite ki wo) ap resevwa trètman espesyal ki gen pou wè ak nesesite ou yo nan lekòl leta yo. Rezo Minisipal ansèyman yo ofri edukasyon tou, ki gen kòm priyòrite Edukasyon Anfantin (ti moun piti) ak Ane Inisyal nan Ansèyman Fondamantal. Lekòl Eta yo idantifye pa sig "EE" anvan non lekòl la, alòske Lekòl Minisipal yo jeneralman idantifye pa sig "EM", "EMEI", "EMEF", pami lòt ankò.

## Kijan edukasyon bazik lan òganize nan lekòl yo?

- **Educação Infantil (Edukasyon Anfantin):** pou ti moun soti nan 0 lane pou rive nan 5 lane;
- **Ensino Fundamental (Ansèyman Fondamantal):** ki dire 9 lane, pou ti moun a pati 6 lane. Li divize an ane Inisyal (1<sup>o</sup> a 5<sup>o</sup> ane) ak dènye ane yo (6<sup>o</sup> a 9<sup>o</sup> ane);
- **Ensino Médio (Ansèyman Segondè):** dire 3 lane (Segondè 1, Segondè 2 e Segondè 3).

## E pou adil ki pa gen eskolarite, ki sèvis ki genyen pou yo?

Jan sa te deja di anvan an, genyen Educação para Jovens e Adultos (Edukasyon pou Jèn e Adil) (EJA) oswa Centros Estaduais de Jovens e Adultos

(Sant Leta Edikasyon Jèn ak Adil) (CEEJA) ki destine a moun ki pa t gen aksè a edikasyon nan laj apwopriye yo, se yon sèvis gratis. Pou enskripsyon ak konfimasyon enkriskripsyon nan nenpòt nan 2 posibilite yo pou piblik sa a, li enpòtan pou n obsève laj minimòm nan, menm jan sa endike anba a:

- **EJA Ensino Fundamental (Ansèyman Fondamantal):** dire 4 semès nan ane inisyal yo epi 4 semès nan ane final yo, kote ke laj minimòm nan se 15 zan akonpli.
- **EJA Ensino Médio (Ansèyman Segondè):** dire 3 semès, kote ke laj minimòm nan se 18 tan akonpli.
- **CEEJA:** Ensino Fundamental (Ansèyman Fondamantal) oswa (Ensino Médio) Segondè, konfimasyon enskripsyon nan yon disiplin nan orè fleksib, kote ke laj minimòm nan se 18 tan akonpli.

Jeneralman, EJA fonksyone nan peryòd lannwit tandiske CEEJA yo gen orè Fleksib (omwen yon prezans pa mwa) e elèv la ka jwenn sèvis endividyèl. Pou konsilte adrès 39 CEEJA yo ki twouve yo nan eta São Paulo, konsilte sit entènèt Secretaria de Educação an.

dans, jwèt, deba, elatriye.

Yo ka ofri Ansèyman entegral la a elèv ki nan Premye Ane yo, Dènye Ane Fondamantal yo ak Ansèyman Segondè regilye. Konsilte lekòl leta ki pi prè kote w rete a oubyen lekòl ou prefere a pou w idantifye si li fè pati ansèyman entegral.

Pou plis enfòmasyon, konsilte Resolução SE 52 de 02.10.2014 a.

### **Kilè ane lekòl la kòmanse ak konbyen tan li dire?**

Ane lekòl la toujou kòmanse nan mwa fevriye, epi li kouri jouk nan mitan-Desanm, ranpli 200 jou lekòl la. Kòmanse nan 2020, lekòl yo ap gen twa peryòd rekreyasyon pandan ane a: 1 semèn nan mwa avril, 15 jou nan mwa Jiyè ak 1 semèn nan mwa oktòb la. Ant fen mwa desanm lan ak mwa janvyè a, gen vakans jeneral pou elèv yo ak pwofesè yo.

### **Gen lekòl ki fonksyone an peryòd entegral (padan tout jounen)?**

Nan rezo ansèyman eta a, gen lekòl ki gen jounen etid ki pwolonje jiska 9 èd tan edmi. Nan lekòl sa yo, elèv yo genyen yon cursus [kourikoulòm] ki diferan, ki gen ladan l preparasyon pou mond travay la, oryantasyon etid, eksperyans pratik nan lasyans, leson patikilye pèsonalize ak yon pwofesè, anplis gen klèb pou jèn, kote elèv yo òganize yo selon tèm ki enterese yo tankou





# Enskripsyon e Konfimasyon enskripsyon



## Ki moun ki ka aplike pou enskripsyon e konfimasyon enskripsyon nan lekòl la?

Pou ti moun ki minè yo, se responsab yo ki dwe fè pwosedi enskripsyon ak konfimasyon enskripsyon an nan nenpòt nivo ansèyman, oswa elèv lan ka fè pwosedi sa a tou, depi li genyen 18 tan akanpli.

## Kilè nou dwe fè enskripsyon an?

Se Secretaria de Educação an ki fè kanpay pou enskripsyon pou pwochèn ane eskolè a ki soti nan dat premye oktòb pou rive 31 oktòb. Peryòd sa a relouvri jou k ap 10 desanm nan ane aktyèl la epi li rete disponib pandan ane eskolè a.

## Ki dokiman mwen dwe prezante?

Pou enskripsyon an, li swetab pou w prezante yon pyès idantifikasyon epi ak yon dokiman ki pwouve kote w rete. Men lis kèk dokiman pou w prezante pou enskripsyon an:

### a. Dokiman idantifikasyon yo:

- Paspò
- Inite idantite nan peyi orijin ou
- Ak de nesans oswa ekstrè dachiv
- Dokiman Pwovizwa Rejis Migrasyon

Nasyonal (Documento Provisório de Registro Nacional Migratório)- DPRNM - (abityèlman nou rele li pwotokòl)

- Cédula de Registro Nacional Migratório (Kat Migrasyon Nasyonal) - CNM - (abityèlman nou rele li RNE)
- Kat antre (pèmisyon) ki soti nan polis federal la pou moun ki te antre nan peyi a san yo pa gen paspò.
- Kat travay

### b. Yon dokiman ki pwouve adrès ou:

- Bòdwo dlo, bòdwo kouran, bòdwo gaz oswa telefòn.
- Kontra lwaye oswa deklarasyon pwopriyete a ki pwouve ke w abite nan kay la.
- Deklarasyon enstitisyon kote moun nan ap viv tanporèman.

Atansyon! Si w pa gen okenn nan dokiman yo enfòmè yo, pa enkyete w: prezante dokiman pou w fè enskripsyon ak konfimasyon enskripsyon an pa obligatwa.

## Kijan pou m enskri?

Nenpòt inite eskolè - rezo lekòl piblik eta a oswa rezo minisipal, se kote w ka fè enskripsyon an.

Pou fè pwosedi sa a, ale nan Direksyon lekòl ki pi prè a epi mande pou w fè enskripsyon an. Aprè w fin ranpli tout done yo, rete tann kèk jou epi retounen nan nenpòt inite eskolè pou chèche konnen rezilta demann ou an, sa vle di, endikasyon pou w konnen ki kote ki gen plas disponib. Ou kapab konsilte rezilta a sou sit entènèt sa a [sed.educacao.sp.gov.br/ConsultaPublica/Consulta](http://sed.educacao.sp.gov.br/ConsultaPublica/Consulta)

Enskripsyon an kapab fèt tou nan youn nan 72 estasyon Poupatempo yo ki nan Eta a. Pou sa, ou dwe make yon randevou sou sit pwogram nan, nan aplikasyon SP-sèvis oubyen ou ka fè sa a pèsònèlman nan biwo ki repati nan shopping, makèt, estasyon metwo ak CPTM yo.

### **Èske mwen ka chwazi lekòl ke mwen prefere?**

Kèlkeswa kote enskripsyon an te fèt la, li te mèt nan yon lekòl eta a oswa Minisipal ke y ap voye elèv la nan lekòl piblik ki pi prè kay li, sa vle di, pi prè adrès li te enfòm nan moman enskripsyon an, kote ki gen plas disponib.

### **Kijan pou m fè konfimasyon enskripsyon an?**

Konfimasyon enskripsyon an ap fèt otomatikman nan lekòl la kote ki gen plas disponib la, sepandan, moun ki responsab elèv ki minè a oswa elèv ki majè a dwe ale nan lekòl la pou li konfime epi prezante dokiman adisyonèl, pou ka pwouve lekòl la eskolarite ak ane oswa klas ki pi apwopriye pou klasifikasyon elèv la.

### **Mwen pa gen okenn fason pou pwouve etid mwen, kisa pou m fè?**

Si w pa gen okenn dokiman ki pwouve edikasyon elèv la, lekòl la ap bay yon pwosedi yo rele klasifikasyon, ki pral idantifye pi bon nivo oswa ane pou elèv la matrikile, sa a pran an kont laj ak konpetans elèv la, sa ap fèt nan fason Resoluções SEDUC 60 ak 63 nan ane 2019 mande l la.

### **Èske lekòl la kapab refize enskripsyon mwen an oswa konfimasyon enskripsyon mwen an?**

Lekòl la pa ka refize enskripsyon oswa konfimasyon enskripsyon ou an nan okenn ka. Pwosedi yo ka fèt nan nenpòt lè, menm si pa gen okenn dokiman idantifikasyon, adrès oswa edikasyon prezante.

### **Èske li posib pou moun pèdi yon plas nan lekòl la?**

Wi. Ou pral ka pèdi plas la si, aprè konfimasyon enskripsyon an, elèv la ta absan nan kou yo padan 15 jou youn aprè lòt, ki konte apati kòmansman peryòd eskolè a, san yo pa gen jistifikasyon. Si yon moun pèdi plas li nan lekòl la, li pral bezwen rekòmanse tout pwosedi enskripsyon yo ankò.

### **E pou edikasyon jèn moun e adil, kijan enskripsyon ak konfimasyon enskripsyon an ye?**

Se toujou menm pwosedi yo. Sepandan, kòm se yon kou k ap dire yon semès, li rekòmande pou enskripsyon ak konfimasyon enskripsyon an fèt jiska 30 jou anvan ane eskolè a fini, pou elèv la ka gen yon pi bon pèfòmans. Si dat limit sa a pa respekte, plas la pral disponib pou pwochen semès la.

### Èske mwen dwe fè konfimasyon enskripsyon an matrikile chak ane?

Wi, yon fwa ke premye enskripsyon an te fèt, li dwe renouvle chak ane, se moun ki responsab la oswa elèv la, oubyen elèv la menm ka renouvle enskripsyon an depi li gen 18 tan akonpli. Jeneralman, pwosedi sa a fèt ant mwa dawou ak oktòb. Sa ka fèt nan de fason: pèsònèlman nan lekòl la oswa sou entènèt nan sit Secretaria Escolar Digital oswa nan aplikatif Minha Escola SP a, depi ke moun ki responsab elèv la te an-rejistre avèk yon login epi yon modpas pou gen aksè. Si nou ta gen dout sou fason pou itilize sit entènèt la oswa aplikasyon an, kontakte sekretarya lekòl la.

### Èske li posib pou m chanje lekòl?

Wi. Elèv la ki deja enskri epi ki bezwen kontinye etid li, men lekòl li enskri a pa ofri tip edikasyon li bezwen an, li ka ale nan yon lòt lekòl tou prè rezidans li si gen plas disponib ak tip edikasyon nesesè. Ou ka mande transfè tou:

**a. Pou chanjman adrès rezidansyèl:** lè gen chanjman adrès sa a anpeche elèv la etidye nan lekòl li te enskri a. Elèv la oswa moun

ki responsab li a ka fè enskripsyon an nan nenpòt lekòl piblik.

**b. Daprè enterè elèv la oswa responsab li:** enskripsyon an dwe fèt dirèkteman nan lekòl kote elèv gen enterè a. Epi, elèv la dwe swiv kou yo nan lekòl li te enskri a jiskaske l resi jwenn komunikasyon sou disponiblite yon plas nan lekòl li pretann ale a.

### Èske yo ka anile transfè a?

Wi. Elèv la oswa moun responsab la dwe kominike desizyon elèv la pou anile enskripsyon nan lekòl li te endike pou transfè a.

### Kisa ki pwogram “Escola da Família” (Lekòl pou Fanmi) an?

Escola da Família (Lekòl pou Fanmi) an se yon pwogram sosyal gouvènman Eta São Paulo a kreye, ki gen objektif reyalize aktivite nan lekòl yo padan fen semèn nan. Aktivite sa yo gen 5 aks, tankou: aprantisaj, espò, kilti, kalifikasyon pou travay ak sante. Aktivite yo vize se pou kominote ki antoure lekòl yo sa vle di, ni elèv yo ak fanmi yo kapab patisipe.

### Èske elèv lekòl Segondè yo ka chwazi peryòd lannwit?

Pou moun k ap antre nan premye ane Segondè yo, yo bay priorite pou yo ale nan peryòd maten. Pou etidye pandan peryòd lannwit, responsab la dwe mande lekòl la pou pwouve ke elèv la pa ka ale lekòl pandan peryòd maten an.



# Fonksyònman lekòl la



## Nan ki orè lekòl la fonksyone?

A pati ane 2020 an, nan lekòl ki pa fonksyone an plen tan yo, kou nan maten yo ap kòmanse a 7:00 pou rive 12:35, nan aprèmidi y ap kòmanse a 13:00 jiska 18:25, e nan aswè, soti 19:00 pou rive 23:00. Chak gwoup ki endike anlè a gen yon rekreyasyon 20 minit pou relache yo, pou yo manje yon bagay.

## Kilè ane lekòl la kòmanse e konbyen tan li dire?

Ane lekòl la toujou kòmanse nan mwa fevriye pou rive desanm, ak yon total 200 jou klas. A pati 2020, lekòl yo ap gen vankans pandan twa peryòd nan ane a: yon semèn nan mwa avril, 15 jou nan mwa jiyè epi yon semenn nan mwa oktòb la. Ant fen mwa desanm lan ak mwa janvye a, ap gen gran vakans jeneral pou tout elèv ak pwofesè yo.

## Ki matyè ke lekòl la ofri?

- Nan Ensino Fundamental Anos Inicias (lekòl elemantè nan ane inisyal yo), Lang Potigè, Matematik, Istwa, Jewografi, Syans

Fizik ak Byolojik, Atizay ak Edikasyon Fizik.

- Nan Ensino Fundamental Anos Finais (Ansèyman Fondamantal), nan dènye klas yo, Lang Pòtigè, Matematik, Istwa, Jewografi, Syans Fizik ak Biyolojik, Atizay, Edikasyon fizik ak Anglè. A pati 2020, yo ofri tou Teknoloji ak Inovasyon, - Pwojè Lavi ak matyè elektiv - dènye sa a fè pati tèms ke etidyan yo seleksyone.
- Nan Ensino Médio (Ansèyman Segondè): Lang Pòtigè, Matematik, Istwa, Jewografi, Sosyoloji, Filosofi Biyoloji, Fizik Chimi, Atizay, Edikasyon fizik ak Anglè. Soti nan ane 2020, yo ofri tou Teknoloji ak Inovasyon, Pwojè vi ak matyè elektiv - dènye sa a fè pati tèms ke etidyan yo seleksyone.
- Educação de Jovens e Adultos (Edikasyon jèn e adil) yo swiv menn kontni ansèyman regilye a, eksepte disiplin edikasyon fizik la. Matematik, Istwa, Jewografi ak Biyoloji, Atizay ak Edikasyon Fizik.

Nan Anos Finais do Ensino Fundamental (dènye Ane Ansèyman Elemantè) yo, yo ofri tou edi-

kasyon relijiye, obligatwa pou lekòl la epi li opsyonèl pou elèv la, toujou nan yon lè altènatif ki manche ak orè kou regilye yo.

Lekòl ki gen ansèyman entegral (ki fonksyone a tan plen) yo ofri lòt matyè, anplis de sa yo ki mansyone anlè a, tankou Pratik Eksperimantal, Kilti Mouvman, Edikasyon Emosyonèl, Oryantasyon Etid, Jenn Pwotagonis, Prepasyon akadèmik, Mache Travay ak Pratik Syans.

### Èske li obligatwa pou itilize inifòm?

Chak lekòl gen pwòp inifòm pa yo, an jeneral, ki se yon chemiz blan ki gen anblèm lekòl la. Lekòl la pa dwe vann li, ni oblije itilizasyon inifòm nan e pa gen dwa egzije l dapre lalwa Art. 1<sup>o</sup>, II, Lei Estadual 3.913 de 1983.

### Èske gen abiman ki entèdi pou yo itilize nan lekòl la?

Non. Elèv yo ka ale lekòl ak rad yo konsidere apwopriye - dapre bon sans. Li otorize itilizasyon rad oubyen akseswa ki relasyon ak kilti oubyen kwayans yo, tankou vwal (Hijab), pa egzanp.

### Èske mwen bezwen achte materyèl didaktik?

Akizasyon materyèl didaktik yo se yon chwa pèsonèl etidyan an oubyen fanmi li.

Nan kòmansman chak ane lekòl, Secretaria de Educação (Sekretarya Edikasyon) an bay kit eskolè gratis a tout etidyan, kit la genyen sa w ap bezwen tankou kaye, kreyon, plim, kreyon koulè, gòm, règ, tay kreyon ak lòt bagay ankò.

### Èske mwen bezwen achte liv didaktik?

Sekretarya Edikasyon an ofri gratis liv sipò ak liv didaktik nan kad "Programa São Paulo Faz Escola" (Pwogram São Paulo Fè Lekòl) ke Ministério da Educação (Ministè Edikasyon) (MEC) finansye pou elèv yo itilize pandan tout ane lekòl la.

Lekòl yo genyen tou, sal pou fè lekti, ki gen divès tit literè ak rechèch ke elèv yo ka prete.

Elèv ki avèg oubyen ki gen pwoblèm vizyon ap resevwa materyèl ki adapte pou sitiyasyon yo a.

### Èske lekòl yo ofri alimantasyon?

Lekòl yo bay manje pou elèv yo nan maten, aprèmidi ak aswè. Resèt yo chwazi a bay pwiyou-rite a manje ki fre, ki gen ladan l vyann bèf, pou l ak pwason.

Si elèv la ta gen kèk restriksyon alimantè, pale sa a ak direksyon lekòl la.

### Èske lekòl la ofri transpò?

Secretaria de Educação (Sekretarya Edikasyon) an ofri transpò espesifik pou elèv ki enskri nan lekòl leta e ki abite nan zòn ki lwen, tankou zòn rural yo, oswa k ap viv nan katye ki gen anpil difikilte pou l gen aksè a lekòl la.

Anplis de sa, yo ofri transpò ki gen prezans yon monitè pou elèv ki gen defisyan ki frekante inite lekòl leta yo ki bay sèvis ak antite asistans

akredite oubyen ki gen kontra pou akeyi elèv ki gen defisyans yo.

Pou transpò iben an, li posib pou elèv la fè demand kat bis “biyè inik etidyan an” pou l itilize gratis nan bis, tren ak metro. Konsilte direksyon lekòl la pou plis enfòmasyon.

### **Kijan sèvis asistans pou elèv ki gen andikap oubyen ki sidwe yo fonksyone?**

Daprè Lei Federal n° 13.146 de 2015 lan, ak Resolução SE n° 68 de 2017 la, piblik sib edikasyon espesyal la fèt pou elèv ki gen defisyans, twoub epi ki [autista-TEA] otis ak ki gen gran abilite. Sèvis yo ofri piblik sa a se:

- **Pwofesè entèlokitè:** responsab pou elèv ki gen pwoblèm tandè ki sèvi ak lang siy kòm yon mwayen pou kominike.
- **Transpò ekolye:** sèvis transpò espesyalize ki disponib pou elèv ki gen diferan kalite andikap.
- **Moun ki pou pran swen:** Pwofesyonèl sa a la pou bay asistans a elèv ki andikape ke andikap la fè l gen difikilte pou l reyalize, nan yon fason endepandan e otonòm, aktivite ki gen pou wè ak alimantasyon, ijyèn nan bouch ak ijyèn entim, itilize twalèt, fè depasman, elatriye.
- **Mèb espesyal:** yo mete disponib ekipman ki adapte pou elèv ki gen andikap fizik yo.
- **Materyèl divèsifye:** Yo disponibilize materyèl enprime e ki adapte pou etidyan ki gen andikap vizyèl.

- **Pwogresyon nan etid yo:** elèv ki gen plis abilite oubyen ki sidwe kapab akselere etid yo pou antre nan nivo avanse menm jiska 2 zan, dapre rezolisyon SEDUC n° 81/2012 lan. Mezi sa a valab sèlman pou elèv ki gen plis ke yon lane depi yo enskri nan lekòl piblik eta yo.

- **Akò ak enstitisyon espesyalize:**

Kategori sa a fèt pou sèvi elèv ki gen gwo angajman epi ki pa benefisye pwosesis eskolarizasyon nan yon lekòl regilye.

Lekòl la ap idantifye epi mande tout sèvis ki nesè pou ede elèv ki gen nesite espesyal yo.

### **Ki dokiman mwen pral resevwa lè ane lekòl la fini?**

Certificado de Conclusão (Sètifika fen etid) ak Histórico Escolar (Relve de Nòt) la, yo nesè pou yon moun ka kontinye etid li nan nivo si-peryè. Yo bay Relve de Nòt la tou lè gen nesite pou transfere elèv la nan yon lòt lekòl.





# Kilti e kominikasyon



## Mwen pa konprann lang pòtigè a, kòman mwen ka kominike ak kòlèg e ak pwofesè yo?

Li rekòmande ke lekòl la endike yon pwofesè oubyen yon gwoup elèv pou sèvi kòm “titè” pou elèv lòt nasyonalite ki rantre nan lekòl la, pou ede l entegre l nan anviwònman an. Nan ka kote pa ta gen okenn elèv oswa pwofesè ki konn pale lang elèv la, kominikasyon an ka etabli a travè aplikatif, jès, siy, tanzantan, pandan ke elèv etranje ap aprann vokabilè nan lang pòtigè a.

Li rekòmande tou pou lekòl yo disponibilize plak idantifikasyon espas yo epi mete avèk nan tablo yo nan lòt lang, pou fasilite depasman ak entegrasyon elèv la, an italyen, japonè, mandaren. Y ap etidye posibilite pou ofri tou yon kou Potigè kòm Lang Etranje pou migran.

## Ki kote mwen kapab aprann pale lang potigè a?

Nan kèk lekòl rezo a, gen Centro de Estudos de Línguas (Sant Etid Lang) (CEL) kote yo ofri 7 opsyon kou lang: alman, espanyòl, fransè, anglè, italyen, japonè ak mandaren. Y ap etidye posibilite pou ofri tou kou Pòtigè kòm lang etranje, k ap direksyone a imigran yo.

Enskripsyon an dwe fèt an pèsòn, se responsab elèv la oubyen elèv ki gen 18 tan akonpli a oswa plis ki dwe fè sa, nan inite eskolè gen Centro de Estudos de Línguas (Sant Etid Lang) lan. Kou yo fèt nan orè ekstra klas oubyen nan jou samdi epi kou yo òganize pa semès, sof kou anglè a ki anyèl. Pou fè kou anglè a oswa mandaren an, li nesesè pou elèv la nan Ensino Médio (Ansèyman Segondè). Pou lòt yo, li sifi ke elèv la enskri nan youn nan klas a pati 7<sup>èm</sup> ane Ensino Fundamental (Ansèyman Fondamantal), enklizivman Educação de Jovens e Adultos (Edikasyon Jenn ak Adil) la (EJA) ak Centro Estadual de Educação de Jovens e Adultos (Sant Leta Pou Edikasyon Jenn ak Adil) la (CEEJA).

Li nesesè pou verifye ki lang ki disponib nan yonn nan 200 inite CEL yo ki nan Eta a.

Anplis lekòl la, anpil enstitisyon piblik tankou prive ofri kou pòtigè pou imigran, gratis oubyen peye. Konsilte opsyon kou yo sou sit Gid Imigran an: <http://www.guiadoimigrante.sp.gov.br/#integra>

### **Èske mwen ka itilize senbòl relijye nan lekòl?**

Wi. Menm jan sa te di anvan an, yo pèmèt itilizasyon rad espesifik oubyen senbòl relijye, paske yo entèdi diskriminasyon kont elèv pou motif relijyon oswa kilti.

### **Kijan m ap ka respekte jou sakre oubyen presèp relijyon mwen?**

Pratik relijye espesifik yo, ki anpeche elèv la prezan nan lakòl la oubyen sitiyasyon similè yo, yo dwe kominike yo a pwofesè oubyen a direksyon lekòl la, ki pral verifye yon meyè fason pou ke-


nbe pratik sa yo, san pote prejidi a lavi eskolè elèv la.

### **Mwen ap souffri diskriminasyon oubyen bullying, akòz nasyonalite m, relijyon m, kilti oubyen etni mwen, kijan pou mwen jere sa a?**

Nan ka ke lòt elèv yo ki nan lekòl la ta va genyen atitid oubyen pratik ki ta fè elèv imigran an pa konfòtab, elèv la dwe kominike sitiyasyon an a pwofesè li yo, ki pral defini yon pi bon fason pou konbat konpòtman sa a, sa ap fèt an komen akò ak tout kominote lekòl la.



# Lwa brezilyèn sou edikasyon ak imigrasyon



## Lwa Federal – Brezil

### **Constituição Federal 1988 la**

[http://www.planalto.gov.br/ccivil\\_03/constituicao/constituicao.htm](http://www.planalto.gov.br/ccivil_03/constituicao/constituicao.htm)

### **Lei Federal 8.069 de 1990 – Estatuto da Criança e do Adolescente**

[http://www.planalto.gov.br/ccivil\\_03/leis/L8069.htm](http://www.planalto.gov.br/ccivil_03/leis/L8069.htm)

### **Lei Federal 9.394 1996 la – Diretrizes e Bases da Educação Nacional**

[http://www.planalto.gov.br/ccivil\\_03/leis/L9394.htm](http://www.planalto.gov.br/ccivil_03/leis/L9394.htm)

### **Decreto Federal 70.946 1972 lan – Estatuto do Refugiado**

[http://www.planalto.gov.br/ccivil\\_03/decreto/1970-1979/D70946.htm](http://www.planalto.gov.br/ccivil_03/decreto/1970-1979/D70946.htm)

### **Lei Federal 8.069 1997 lan – Estatuto do Refugiado**

[www.planalto.gov.br/ccivil\\_03/leis/L9474.htm](http://www.planalto.gov.br/ccivil_03/leis/L9474.htm)

### **Decreto 4.246 de 2002 – Estatuto do Apatrido**

[http://www.planalto.gov.br/ccivil\\_03/decreto/2002/D4246.htm](http://www.planalto.gov.br/ccivil_03/decreto/2002/D4246.htm)

### **Lei Federal 13.445 2017 la – Lei da Migração**

[http://www.planalto.gov.br/ccivil\\_03/\\_Ato2015-2018/2017/Lei/L13445.htm](http://www.planalto.gov.br/ccivil_03/_Ato2015-2018/2017/Lei/L13445.htm)

### **Decreto 9.277 2018 lan – Identificação dos requerentes de refúgio e dos estrangeiros em situação de vulnerabilidade social**

[http://www.planalto.gov.br/ccivil\\_03/\\_ato2015-2018/2018/decreto/D9277.htm](http://www.planalto.gov.br/ccivil_03/_ato2015-2018/2018/decreto/D9277.htm)

**Parecer CNE/CEB 11 2000 lan – Direktiv sou kourikouloum Nasyonal Edikasyon Jenn ak Adil**

[http://portal.mec.gov.br/cne/arquivos/pdf/PCB11\\_2000.pdf](http://portal.mec.gov.br/cne/arquivos/pdf/PCB11_2000.pdf)

**Parecer CNE/CEB 18 2002 a – Ekivalans Etid ki te reyalize nan peyi etranje.**

[http://portal.mec.gov.br/cne/arquivos/pdf/CEB018\\_2002.pdf](http://portal.mec.gov.br/cne/arquivos/pdf/CEB018_2002.pdf)

## **Lwa ETA SÃO PAULO a**

**Lei Estadual 3.913 1983 na – Entèdiksyon pou etablisman ensènyeman an resevwa frè kontribisyon**

<https://www.al.sp.gov.br/repositorio/legislacao/lei/1983/lei-3913-14.11.1983.html>

**Deliberação CEE 16 1997 lan – Enskripsyon pou elèv etranje.**

[http://siau.edunet.sp.gov.br/ItemLise/arquivos/notas/delcee16\\_97\(parcee445\\_97\).htm](http://siau.edunet.sp.gov.br/ItemLise/arquivos/notas/delcee16_97(parcee445_97).htm)

**Deliberação CEE 385 2001an – Ekivalans etid ki te reyalize nan peyi etranje.**

[http://siau.edunet.sp.gov.br/ItemLise/arquivos/notas/delcee21\\_2001.htm](http://siau.edunet.sp.gov.br/ItemLise/arquivos/notas/delcee21_2001.htm)

**Parecer 633 2008 lan – Rejis ak Piblikasyon Diplòm e Sètifika pou Etranje.**

[http://iage.fclar.unesp.br/ceesp/cons\\_simples\\_listar.php?d\\_atos=66870&acao=entrar](http://iage.fclar.unesp.br/ceesp/cons_simples_listar.php?d_atos=66870&acao=entrar)

**Parecer CEE 385 2013 lan – ki nan Dokimantasyon Eskolè Etranje**

<http://iage.fclar.unesp.br/ceesp/textos/2013/233-13-Par-385-13.doc>

**Resolução SE 52 de 2014 – Rezolisyon ak fonksyònman lekòl eta yo nan Pwogram Edikasyon Entegral**

[http://siau.edunet.sp.gov.br/ItemLise/arquivos/52\\_14.HTM?Time=19/12/2019%2011:16:04](http://siau.edunet.sp.gov.br/ItemLise/arquivos/52_14.HTM?Time=19/12/2019%2011:16:04)

**Resolução SE 60 2019 lan – Reklasifikasyon elèv yo.**

[http://siau.edunet.sp.gov.br/ItemLise/arquivos/60\\_19.HTM?Time=16/12/2019%2016:06:34](http://siau.edunet.sp.gov.br/ItemLise/arquivos/60_19.HTM?Time=16/12/2019%2016:06:34)

**Resolução SE 64 de 2019 – Sèvis pou elèv etranje.**

[http://siau.edunet.sp.gov.br/ItemLise/arquivos/63\\_19.HTM?Time=19/12/2019%2011:18:32](http://siau.edunet.sp.gov.br/ItemLise/arquivos/63_19.HTM?Time=19/12/2019%2011:18:32)

**Resolução SE 66 2019 – Direktiv sou òganizasyon cursus fondamantal la**

[http://siau.edunet.sp.gov.br/ItemLise/arquivos/66\\_2019.HTM?Time=19/12/2019%2011:19:05](http://siau.edunet.sp.gov.br/ItemLise/arquivos/66_2019.HTM?Time=19/12/2019%2011:19:05)



# Diksyonè Ijans



## Kalandriye

: segunda-feira  
: terça-feira  
: quarta-feira  
: quinta-feira  
: sexta-feira  
: sábado  
: domingo  
: janeiro  
: fevereiro  
; março  
: abril  
: maio  
: junho  
: julho  
: agosto  
: setembro  
: outubro  
: novembro  
: dezembro  
: feriado  
: Dia  
: Manhã  
: Tarde  
: Noite  
: Hora

## Materyèl eskolè

: Apontador  
: Borracha  
: Caderno  
: Caneta  
: Compasso  
: Corretivo  
: Esquadro  
: Estojo  
: Fichário  
: Folha  
: Giz de cera  
: Lápis  
: Lápis de cor  
: Livro  
: Mochila  
: Papel  
: Régua

## Relasyon entèpèsònèl

: Aluno(a) / estudante  
: Amigo(a)  
: Avô  
: Avó  
: Diretor(a)  
: Inspetor



: Mãe  
 : Merendeira  
 : Namorado(a)  
 : Pai  
 : Professor(a)  
 : Professor(a) Coordenador(a)  
 : Responsável  
 : Tio(a)  
 : Vice-diretor(a)

### Anviwònman lekòl la

: Banheiro  
 : Biblioteca  
 : Cantina  
 : Corredor  
 : Escada  
 : Laboratório  
 : Pátio  
 : Portão  
 : Quadra de esportes  
 : Sala de aula  
 : Saída  
 : Secretaria  
 : Sala dos Professores

### Rad

: Blusa  
 : Boné  
 : Cachecol  
 : Camiseta  
 : Calça  
 : Casaco  
 : Jaqueta  
 : Lenço  
 : Luva  
 : Meia

: Roupas  
 : Saia  
 : Sapato  
 : Tênis  
 : Touca  
 : Uniforme

### Lavi lekòl la

: Apagador  
 : Aprovado  
 : Aula  
 : Bilhete  
 : Carteira  
 : Cadeira  
 : Calcular  
 : Chamada  
 : Chão  
 : Conselho de Classe  
 : Copiar  
 : Desenhado  
 : Faltas  
 : Giz  
 : Janela  
 : Ler  
 : Lição de casa  
 : Lixo  
 : Lixeira  
 : Lousa / quadro  
 : Luz  
 : Mapa  
 : Mesa  
 : Nota  
 : Papel higiênico  
 : Perguntar  
 : Pesquisa  
 : Porta  
 : Presente (para responder chamada)

: Prova  
: Reprovado  
: Responder  
: Reunião de pais  
: Sabonete  
: Torneira  
: Ventilador

## Manje

: Água  
: Amargo  
: Arroz  
: Azedo  
: Bala  
: Banana  
: Bolacha  
: Carne vermelha  
: Carne de porco  
: Comida  
: Colher  
: Chocolate  
: Doce  
: Faca  
: Feijão  
: Frango  
: Fruta  
: Garfo  
: logurte  
: Lanche  
: Macarrão  
: Maçã  
: Milho  
: Melão  
: Melancia  
: Merenda  
: Milho  
: Morango

: Pão  
: Prato  
: Presunto  
: Refrigerante  
: Salada  
: Salgado  
: Salsicha  
: Sanduíche  
: Suco  
: Vitamina

## Anviwònman lekòl la

: Banheiro  
: Biblioteca  
: Cantina  
: Corredor  
: Escada  
: Pátio  
: Quadra de esportes  
: Sala de aula  
: Saída  
: Secretaria  
: Sala dos Professores

## Dokiman yo

: Boletim escolar  
: Certidão de Nascimento  
: Comprovante de endereço  
: Conta de luz  
: Conta de água  
: Histórico escolar  
: Passaporte  
: Registro do Aluno (R.A.)

EKRI NAN ESPAS KI ANBA A ENFÒMASYON OSWA NOUVO MO AK FRAZ NAN LANG POTIGÈ A

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....









Coordenadoria Pedagógica - COPED  
Departamento de Modalidades Educacionais e Atendimento Especializado - DEMOD  
Centro de Inclusão Educacional - CINC  
Praça da República, nº 53, sala 113, CEP 01045-903, São Paulo - SP  
[coped.demod.cinc@educacao.sp.gov.br](mailto:coped.demod.cinc@educacao.sp.gov.br)



| Secretaria de Educação